

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu kagiatan panalungtikan, saméméhna geus ditangtukeun kalayan jelas pamarekan atawa desain panalungtikan nu rék dilarapkeun. Ieu hal, maksudnya sangkan panalungtik bisa bener-bener miboga dadasar anu ditingali tina sawangan métodologi panalungtikan. Objék jeung masalah panalungtikan mangaruhan kana tinimbangan dina ngalarapkeun pamarekan, desain, atawa métode panalungtikan.


Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalayan diuwuh ku métode déskriptif analisis. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék anu alamiah, di mana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana ma'na tibatan *generalisasi*. Saluyu jeung pamadegan Sukmadinata (2008, kc. 60), yén panalungtikan kualitatif (*qualitative research*) nyaéta panalungtikan anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, pamikiran jalma sacara individual atawa kelompok. Saterusna, Sukmadinata ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif miboga dua tujuan utama, nyaéta ngagambarkeun jeung ngébréhkeun (*to describe and explain*). Réréana panalungtikan kualitatif sipatna déskriptif jeung éksplanatori.

Dumasar kana éta pedaran, sakitu pentingna métode dina panalungtikan. Métode dina panalungtikan dibutuhkeun pisan minangka pituduh dina ngalaksanakeun panalungtikan sangkan hasilna saluyu jeung tujuan anu geus ditangtukeun. Goldmann (Ratna, 2012, kc. 38) ngébréhkeun yén métode nu hadé nyaéta métode anu sipatna téhnik. Kitu ogé jeung panalungtikan dina widang sastra. Tanpa ayana métode, panalungtikan sastra ogé ngan saukur maca pikeun hiburan hungkul. Pamaca, sakadar hobi, sedengkeun panalungtik sastra leuwih ti éta. Endraswara (2011, kc. 8), nétélakeun yén métode panalungtikan sastra nyaéta cara anu dipilih ku panalungtik kalayan tinimbangan wangun, eusi, jeung sipat sastra minangka objék.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif téhnik analisis. Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dianalisis (Ratna, 2012, kc.53). Métode déskriptif ngarojong kana udagan ieu panalungtikan nu ngadéskripsikeun tur maluruh parobahan sosial jeung kajiwaan tokoh utama dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain dina ieu panalungtikan mangrupa rarancang panalungtik nu ngawengku idéntifikasi masalah, nangtukeun masalah, ngumpulkeun data (tala'ah pustaka) ku cara kartu data digital, ngolah data, kacindekan, jeung nyusun laporan. Galur panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun (Arikuto, 2006, kc. 175). Éta hal saluyu jeung kamandang Satori & Komariah (2010, kc. 103), yén ngumpulkeun data dina panalungtikan ilmiah nyaéta prosédur anu sistematis pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun. Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, ngagunakeun téhnik tala'ah pustaka jeung wawancara.

3.2.1.1 Téhnik Tala'ah Pustaka

Tala'ah pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun sababaraha informasi nu dibutuhkeun dina raraga ngahontal udagan ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, panalungtik nalaah kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah kalayan gembleng tur objéktif. Dina raraga ngarojong data dina ieu panalungtikan, kagiatan nala'ah buku-buku sarta literatur lianna nu patali jeung ieu panalungtikan dilaksanakeun parobahan sosial, kajiwaan tokoh, sarta Pangaruh Kajiwaan Tokoh Kana Parobahan Sosial. Buku-buku utama nu diperlukeun dina ieu panalungtikan, nyaéta tiori-tiori ngeunaan sosiologi sastra tiori Ian Watt jeung psikologi sastra tiori Jaques Lacan.

3.2.1.2 Téhnik Wawancara

Wawancara atawa interviu (*interview*) mangrupa salasahiji wangun téhnik ngumpulkeun data anu sok digunakeun dina panalungtikan déskriptif kualitatif. Wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data pikeun ngaguar pasualan anu keur ditalungtikna. Stainback dina Sugiyono (2009, kc. 72) ngébréhkeun yén “*interviewing provider the researcher a means to gain a deeper understanding of how the participant interpect a situation or phenomenon than can be gained through observation alon*”. Jadi ku wawancara, panalungtik bakal mikanyaho hal-hal anu teleb ngeunaan partisipan dina ngainterpétasikeun kaayaan jeung fénoména anu kajadian.

Nurgiyantoro (2009, kc. 53) ngébréhkeun yén wawancara mangrupa cara anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi tina réspondén (jalma anu

diwawancara) kalawan ngalakukeun tanya jawab sapihak. Hartina, dina éta kagiatan wawancara pertanyaan asalna ngan ti pihak anu ngawawancara, sedengkeun réspondén ngajawab pertanyaan-pertanyaan hungkul. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Sudjana dina Satori & Komariah (2010, kc. 130) yén wawancara nyaéta prosés ngumpulkeun data atawa informasi ngaliwatan tatap muka antara nu ngawawancara (*interviewer*) jeung pihak anu diwawancara.

Syamsuddin & Damaianti (2007, kc. 96) ngébréhkeun yén aya dua jenis wawancara. Kahiji, wawancara anu rélatif tertutup. Hartina, pertanyaan-pertanyaan difokuskeun kana topik-topik husus. Kadua, wawancara terbuka. Hartina, panalungtik méré kabébasan diri jeung ngarojong anu diwawancara ngungkapkeun sacara jembar tur teleb. Sangkan wawancara bisa meunangkeun hasil anu hadé, anu ngawawancara kudu merhatikeun ieu tahap-tahap: (1) nangtukeun saha anu rék diwawancara; (2) nataharkeun wawancara; (3) kagiatan awal (ngajukeun pertanyaan-pertanyaan anu sipatna umum; (4) ngalakukeun wawancara jeung ngajaga sangkan wawancara produktif; sarta (5) ngeureunkeun wawancara jeung meunangkeun ringkesan hasil wawancara. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun jenis wawancara tertutup. Lantaran, pedoman wawancarana dumasar kana variabel, pertanyaan jeung pernyataan panalungtik sangkan henteu méngpar tina tujuan panalungtikan.

Saméméh ngalaksanakeun wawancara, panalungtik nataharkeun instrumén wawancara anu disebut pedoman wawancara. Ieu pedoman eusina sajumlah pertanyaan atawa pernyataan pikeun dijawab atawa diréspon ku réspondén. Eusi pertanyaan atawa pernyataan bisa ngawengku fakta, data, pangaweruh, konsép, pamadegan, persépsi, atawa évaluasi réspondén anu patali jeung fokus masalah atawa variabel-variabel anu diulik dina panalungtikan (Sukmadinata, 2008, kc. 216).

Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data, nyaéta kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.
- b. Tala'ah pustaka ku cara nyirian cutatan-cutatan anu kaasup kana parobahan sosial jeung kajiwaan tokoh.

- c. Ngadéskripsikeun hasil wawancara dumasar ulikan sosiologi sastra anu patali jeung kontéks sosial pangarang.
- d. Nganalisis tur ngadéskripsikeun hasil tina sosiologi sastra Ian Watt anu patali jeung prosés parobahan sosial.
- e. Nganalisis tur ngadéskripsikeun hasil tina psikologi sastra Jaques Lacan anu patali jeung kajiwaan tokoh.
- f. Maluruh pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial anu nyampak dina eusi carita.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis, minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan. Dina téhnik analisis, dilakukeun sababaraha tahapan, di antarana:

- a. téhnik analisis parobahan sosial dina pamarekan sosiologi sastra Ian Watt;
- b. téhnik analisis kajiwaan tokoh utama psikoanalisis Jacques Lacan; sarta
- c. téhnik analisis pangaruh kajiwaan tokoh kana parobahan sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kisi-kisi wawancara, tabél cutatan jeung kartu data analisis digital, nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data nu geus aya, éta tabél cutatan jeung kartu data analisis digital téh dipaké sangkan panalungtik babari dina prosés ngumpulkeun jeung nganalisis data, sarta kuisionér, pikeun nalungtik fungsi sosial anu disawang tina kamandang pamaca. Di handap ieu mangrupa gambaran instrumén-instrumén anu digunakeun.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Gambaran instrumén dina ngumpulkeun data, aya sebaran kisi-kisi jeung instrumén.

Tabél 3.1 Sebaran Kisi-kisi jeung Instrumén

No.	Variabel Panalungtikan	Téhnik Ngumpulkeun Data	Instrumén
1	Sosiologi Sastra		
	Konték Sosial Pangarang	Wawancara jeung Dokuméntasi	Kisi-kisi Pedoman Wawancara
	Karyana (Parobahan Sosial)	Analisis	Format Kartu Analisis Digital
2	Psikologi Sastra		
	Kajiwaan Tokoh	Analisis	Format Kartu Analisis Digital
3	Pangaruh Kajiwaan Tokoh kana Parobahan Sosial	Analisis	Format Kartu Analisis Digital

3.3.1.1 Instrumén Tala’ah Pustaka

Téhnik tala’ah pustaka nyaéta buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan sarta cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.2 Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kabudayaan			
2.	Sastra			
3.	Kabasaan			

Tabél 3.3 Instrumén Parobahan Sosial Kumpulan Carpon *Sangkakala*

Judul “Carpon”					
Kaayaan Asalna/Mimiti	Prosés Parobahan				Parobahan Ahirna
Cutatan (kode data)	Cutatan (kode data)	Cutatan (kode data)	Cutatan (kode data)	Cutatan (kode data)	Cutatan (kode data)
....					
Wangun Parobahan Sosial					

Parobahan Laun/Gancang	Cutatan	WPS/C/Pla/Pga/K U
Parobahan Leutik/Gedé	Cutatan	WPS/C/Pleu/ Pge/KU
Parobahan direncanakeun/ henteu direncanakeun	Cutatan	WPS/PD/ PHD/KC

Keterangan:

WPS : wangun parobahan sosial

PLa : parobahan laun

PGa : parobahan gancang

PLEu : parobabahn leutik

PGe : parobahan gedé

PD : parobahan direncanakeun

PHD : parobahan henteu direncanakeun

KC : kaca

Tabél 3.4 Instrumén Kajiwaan Tokoh dina Kumpulan Carpon *Sangkakala*

Judul “Carpon”		
No.	Cutatan (Wangun Kajiwaan Tokoh) (Nyata/Imajiner/Simbolik)	Kode Data
		C/N/KC

Keterangan:

C : judul carpon

KT : kajiwaan tokoh

N/I/S : Nyata/Imajiner/Simbolik

KC : kaca

Tabél 3.5 Instrumén Pangaruh Kajiwaan Tokoh Kana Parobahan Sosial
dina Kumpulan Carpon *Sangkakala*

Judul “Carpon”				
No.	Kajiwaan Tokoh	Parobahan Sosial	Pangaruhna	Kode Data
				C/P/KC

Keterangan:

C : judul carpon

P : pangaruh

KC : kaca

3.3.1.2 Instrumén Wawancara

Tabél 3.6 Instrumén Kisi-kisi Wawancara

Variabel	Sub Variabel	Indikator	Pertanyaan	Sumber Instrumén
Kumpulan Carpon <i>Sangkalakala</i>	Kasang tukang nulis éta carpon	Pangalaman jeung kahirupan pangarang	1. Naha Akang tiasa milih profési jurnalis? 2. Naha Akang aya hobi nu sanés, salian ti nulis sareng maca? 3. Naon genre favorit Akang dina nulis?	Pengarang: Cécép Burdansyah
	Prosés kréasi dina nulis	1. Ide dina nulis éta carpon 2. Judul anu digunakeun 3. Carita anu ditulis dina 15 judul carpon	4. Ideu Akang dina nulis ieu kumpulan carpon téh naon? 5. Di antaran 15 carpon anu aya dina ieu buku, naha Akang bet milih <i>Sangkalakala</i> ? 6. Kumaha waé prosés kréatif dina unggal carpon?	
	Pangaruh atawa eunteung kahirupan kana karya	Réfléksi masarakat dina éta karya	7. Seuseueurna carita carpon-carpon Akang téh perkawis kahirupan sosial, naha mémang eusi carpon téh mangrupa eunteung tina kahirupan masarakat? 8. Hal naon anu hoyong ku Akang dipasihkeun dina ieu eusi carita kumpulan carpon <i>Sangkalakala</i> ka pamaca?	

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Digital Parobahan Sosial

Kartu Analisis Digital Parobahan Sosial	
Cutatan	: (kode data)
Analisis	:

Gambar 3.1 Kartu Analisis Digital Parobahan Sosial

Keterangan:

WPS : wangun parobahan sosial
 Pla : parobahan laun
 Pga : parobahan gancang
 Pleu : parobabahn leutik
 Pge : parobahan gedé
 PD : parobahan direncanakeun
 PHD : parobahan henteu direncanakeun
 KC : kaca

2) Kartu Analisis Digital Kajiwaan Tokoh Utama

Kartu Analisis Kajiwaan Tokoh (Nyata/Imajinér/Simbolik)	
Cutatan	: (kode data)
Analisis	:

Gambar 3.2 Kartu Analisis Digital Kajiwaan Tokoh

Keterangan:

C : judul carpon
 N/I/S : Nyata/Imajinér/Simbolik
 KC : kaca

3) Kartu Analisis Digital Pangaruh Kajiwaan Tokoh Kana Parobahan Sosial

Pangaruh Kajiwaan Tokoh Kana Parobahan Sosial	
Cutatan	:
	(kode data)
Analisis	:

Gambar 3.3 Kartu Analisis Pangaruh Kajiwaan Tokoh Kana Parobahan Sosial

Keterangan:


C : judul carpon

P : pangaruh

KC : kaca

3.4 Data jeung Sumber Data

Sumber data nu digunakeun ku panalungtik nyaéta kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah, Citakan kahiji, nu medal bulan Séptémber taun 2022, ku pamedal CV Silantang Akasa Cipta, kalayan kandel 140 kaca. Ukuran buku nyaéta ukuran UNESCO (15,5 x 23 cm) tina bahan *bookpaper*.



Gambar 3.4 Sampul Buku Kumpulan Carpon *Sangkakala*

Ieu carpon-carpon anu dimuat dina antologi téh réréana kungsi midang dina majalah *Manglé*. Sésana midang dina tabloid *Galura*, tabloid *Kujang*, jeung rambatloka *ayobandung.com*. Saupama nilik kana titi mangsa midangna dina média, carpon pangheubeulna anu dimuat dina ieu buku téh nyaéta “Beungeut-Beungeut Komérsil” (majalah *Manglé* nomer 1033, taun 1986). Ari anu panganyarna carpon “Réportaseu Iblis” (rambatloka *ayobandung.com*, bulan Pébruari taun 2021). Tapi ari umumna mah carpon-carpon Cécép Burdansyah anu dimuatkeun dina ieu buku téh ditulis sabudeureun dasawarsa taun 1990-an; sarua jeung anu carpon-carpon anu dimuat dina *Anak Jadah*. Jadi, ieu buku kumpulan carpon téh teu bisa disebut minangka tuluyanana tina *Anak Jadah*. Da sidik prosés kréatifna gé aya dina wengkuan waktu anu kurang leuwih sajaman. Lebah kelir carponna gé teu pati béda. Ku kituna, kumpulan carpon *Sangkakala* téh minangka sesemplékan tina *Anak Jadah*.

3.4.1 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.5 Potrét Cécép Burdansyah

(sumber: BandungBergerak.id)

Cécép Burdansyah, lahir di Ciwidéy, 23 Séptémber 1963 mimiti ngarang ti keur di SMP kénéh. Karya-karyana dina périodeu awal dimuat dina *SKM Giwangkara* jeung *Mingguan Pelajar*. Saterusna Cécép leuwih kataji ngarang dina basa Sunda, sarta dina batinna geus dinawaétuan hayang diajar nulis kalawan daria. Carponna anu mimiti, “Kaleleban” dimuat dina majalah *Manglé*, waktu Cécép masih kénéh diseragam SMA. Cécép kungsi digawé di perkebunan entéh Patuha

Gita Kurnia Dewi, 2024

**PAROBAHAN SOSIAL JEUNG KAJIWAAN TOKOH DINA KUMPULAN CARPON SANGKAKALA
KARYA CÉCÉP BURDANSYAH (ULIKAN SOSIO-PSIKOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

satamatna ti SMA; meunang opat taun. Salasahiji carponna, “Anak Pulung” dina koléksi *Anak Jadah*, nyaritakeun pagawé perkebunan anu salingkuh. Éta hal mangrupa pangaruh tina pangalaman Cécép salila gawé di perkebunan entéh. Sajeroning jadi kuli kontrak téh Cécép angger nulis carita pondok.

Cécép Burdansyah téh nyaéta saurang panulis fiksi jeung non fiksi boh basa Sunda boh basa Indonésia. Cécép dina nulis karya fiksi, di antarana carpon *Bilatung* taun 1990, *Salumar Sastra* (kumpulan karangan para pinunjul Hadiah Sastra LBSS 1990), *Potrét Tilu Jelema dina Albeum Kuring* taun 1993, kumpulan carpon *Anak Jadah* taun 2002, sarta kumpulan carpon *Sangkakala* taun 2022. Iwal ti karya fiksi, Cécép ogé nulis dina karya non fiksi, upamana dina nulis artikel anu dimuat dina média cetak jeung média onlén.

Taun 1987 Cécép digawé di Manglé, meunang 10 taun. Undur ti dinya Cécép kungsi ngawartawanan sawatara surat kabar, di antarana majalah *Tiras*, jeung tabloid *Detak*. Saterusna, Cécép jadi rédaktur surat kabar *Metro Bandung*.

Opat kali carponna dilélér hadiah sastra LBSS. Dina widang jurnalistik kungsi dilélér hadiah Moh. Koerdi di Paguyuban Pasundan taun 2004. Taun 2019 jadi pinunjul harepan dina sayémbara kritik sastra nu diayakeun ku Dewan Kasenian Jakarta (DKJ). Ayeuna Cécép téh geus jadi pangsiunan jurnalis. Saméméh pangsiun, Cécép pernah jadi jurnalis *Tribun Network*. Dina ngeusi waktu pangsiunan, Cécép jadi konsultan hukum anu muka kantor di jalan Garut, Perpustakaan Ajip Rosidi, lantai 1.

3.4.2 Sinopsis Carita Kumpulan Carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah

1) Carpon “Beungeut-beungeut Komérsil”

Ieu carpon téh nyaritakeun lalakon nu rék ngalamar gawé, ngaranna Awi. Saméméh ngalamar gawé téh, si Awi ngumpulkeun sarat-saratna, di antarana ngalégalisir ijasah. Dina ngalégalisir ijasah téh, réa pisan pasualanana, para pagawéna haré-haré, kawas nu horéam nulungan ka nu butuh kawas si Awi. Silih nuduhkeun kamar tapi ngan ukur ku kekecapan "ka ditu, lain di dieu!". Ahirna, si Awi asup ka kamar nu bener, tapi nya kitu cenah pajar téh geus tutup jam sawelas mah, padahal tutupna teh jam dua. Atuh si Awi téh peunggas harepan, cicing di

kantin sabari ningali para pagawé nu dalahar, si Awi mah teu milu dahar da duitna nyésa sarébu deui keur ongkos balik. Jol di gigireun Awi aya lalaki kolot sabari nyepeng amplop coklat, cenah mah sarua rék ngalégalisir ijasah, dibéjaan ku Awi yén geus teu bisa da geus tutup. Si bapa éta panasaran, apan tutupna gé jam 2. Ku manéhna dicobaan, si Awi nuturkeun. Tapi bet nyalahan, sanggeus si bapa ngasongkeun duit sarébu pérak tina sakuna, pagawé téh teu loba deui pamolah, ngan tret wéh nandatangan jeung méré cap kana eusi map bogana si bapa. Si Awi teu cicing, nyampeurkeun bari ngasongkeun ijasah nu ditumpangan ku duit sarébu pérak. Teu lila, ijasah Awi gé dicap jeung ditandatangan. Haté sugema najan kudu udul sarébu gé. Gebeg téh, horéng na saku geus teu nyésa duit sapésér-pésér acan. Kapaksa balik téh kudu nikreuh.

2) Carpon “Sinom”

Carpon "Sinom" nyaritakeun hiji wanoja nu ngaranna Rasi. Manéhna geus pipisahan jeung salakina alatan ka teu-do'a kolotna Rasi. Boga budak lalaki, nu ayeuna diurus ku Indungna (Ema) jeung Rasi ogé boga adi nu ngaranna Milah. Pagawéan Rasi jadi anak wayang (dombrét) di basisir Mayangan. Hiji waktu, manéhna inget waé ka nu di lembur. Waktu keur ngadombrét, Rasi diiwat ku Abah Sawi, tuluy manéhna kabur ti éta tempat, indit ka lemburna tengah peuting. Atuh di Mayangan téh gujrud yén Rasi leungit. Waktu geus ka lembur, kasampak Indung Rasi keur gering parna, budakna gé can dibéré dahar. Indungna nitah Rasi yén upama Milah geus balik gawé ti imah RW, sina ngageroan Dukun Ento. Indungna ngagolér deui. Geus wanci sareupna, indungna can waé hudang, jeung Milah can waé balik. Untung budakna keur saré, Rasi lumpat nyusulan Milah da hariwang. Ceuk RW, ti tatadi gé Milah mah geus balik. Rasi balik deui ka imahna da hariwang bisi budakna ngadat jeung indungna bisi geus hudang. Ari geus nepi ka imah, geus aya Milah jeung Mang Ento, sigana bieu téh pasalingsingan. Milah langsung nangkeup Rasi bari nahan ceurik. Ceuk Mang Ento, indungna téh geus tariis, geus euweuh nyawaan. Ti dinya, Rasi ceurik, budak gé sarua ngilu ceurik tarik. Rasi teu sadar. Budakna dibawa ku bapana, popotongan Rasi, bari jeung teu ngabéjaan rék ka mana-manana. Rasi geus kawas kurang saeundan, matak pikirunyeun. Durga, babaturan Rasi, maturan Rasi néang budakna aya di imah mitohana da disangkana

popotonganana masih saimah jeung kolotna. Sok sanajan embung panggih jeung urut mitohana, manéhna maksakeun lantaran nyaah ka anak. Tapi, pas nepi ka lembur popotonganana, imahna téh geus euweuh, geus dijieun lapang golf. Beuki ratug haté Rasi téh.

Durga, Rasi, jeung Milah, ahirna balik deui ka basisir Mayangan ka imah Ma Talingkem, tempat pamondokan salila gawé. Tapi anéhna, peuting éta téh sarepi. Di pamondokan, réa jalma kawas nu keur tahlilan tapi kadéngé aya nu nyebut ngaran Rasi. Rasi cicing di basisir, kaimpleng anakna keur kokoléaban dina ombak nu rohaka. Ku manéhna diburu rék dirawél sangkan henteu kabawa deui ku ombak anu patingjelegur neumbaragan karang, sarta sorana bedas matak geueuman. Ngan ku Rasi mah geus teu kadéngé deui. Malah moal, moal ngadéngé deui.

3) Carpon “Pangabakti”

Carpon "Pangabakti" nyaritakeun Mang Dahri, penjaga SD Babakan Hanjuang, nu merjuangkeun hakna sangkan naék golongan. Mang Dahri gawé di éta sakola geus saparapat abad. Pagawéan manéhna, kawilang ripuh tapi gaji sok mindeng dirapél tilu bulan sakali, éta gé kadang sok telat. Ku Bapa Kepala, Mang Dahri dititah nyusulan ka kecamatan, kabupatén, atawa provinsi pikeun nanyakeun SK naék golongan téa. Manéhna indit ka kecamatan, rék manggihan jeung kepala dinas kecamatan. Tapi ceuk adina, mending panggih heula jeung bendaharana nyaéta Pa Otang. Nepi ka kecamatan, Pa Otang téh euweuh, kabeneran ngan aya Bapa Kepala hungkul, sup baé manéhna ngébréhkeun pamaksadan, ngan nya kitu angger kudu panggih jeung Pa Otang. Ku Mang Dahri didagoan nepi jam 1, Pa Otang téh euweuh waé.

Mang Dahri, dibéré saran ti Mang Uking nu jadi tukang bebersih di kecamatan, yén Pa Otang mah aya di imahna. Isukna, Mang Dahri ka imah Pa Otang nanyakeun ngeunaan naék golongan, ku Pa Otang rék diuruskeun ka provinsi ngan nya kitu ménta keur ongkos jeung hasilna tujuh puluh lima persen dipotong keur provinsi, dua puluh lima persen keur kabupaten. Dijangjian, isuk Mang Dahri titah balik deui ka kecamatan pikeun narima SK ti Pa Otang. Mang Dahri, datang deui ka kecamatan nanyakeun Pa Otang nu rék mikeun SK, tapi ceuk Mang Uking, yén di kecamatan ayeuna keur euweuh dunungan, soalna arindit studi tur ka Lampung. Pa

Otang ngan ukur méré amanat ngaliwatan surat, yén Pa Otang ménta Mang Dahri ka provinsi sorangan nguruskeun, soalna Pa Otang keur studi tur. Nyeri haté Mang Dahri dikitukeun. Aya waktu Mang Dahri keur ka Bandung, culang-cileung da teu wawuh ka sasaha di provinsina. Mang Dahri ka bagian téhnis, kabeneran keur aya kepalana. Asupna Mang Dahri ka rohangan bapa kepala, kalahkah dicarékan soalna lain bagianna ngaluarkeun SK di dieu mah, ngan ukur prosésna. Beuki nyeri haté Mang Dahri, asa ku teungteuingeun merjuangkeun hak sorangan téh bet ripuh, sagala digilir ka ditu ka dieu, duit geus kaluar ka ditu ka dieu tapi teu hasil. Nepi ka kiwari, Mang Dahri ukur ka golongan hiji B.

4) Carpon "Sasalad di Lembur Kidang"

Carpon "Sasalad di Lembur Kidang" nyaritakeun kaayaan lembur Kidang nu réa kana hal-hal pamohalan. Dimimitan ku Haji Sarman jeung pamajikanna nu "ngukut" si Bopéng. Harita, si Bopéng euweuh di imahna. Haji Sarman ambeuk lantaran si Bopéng leungit, pajarkeun mah aya nu ngiwat. Mang Uba, Soléh, Modin Adin, Guru Dédi, jeung batur-baturna nu aya di éta lembur héboh, lantaran si Bopéng geus kawas jimatna di éta lembur, hususna keur Haji Sarman. Atuh cilaka lembur éta, geus kudu nyiapkeun diri saeutik-saeutik harta bandana bakal ngurangan. Pa Gadung, nitah ka si Téng Kié indit ka lembur Kidang keur nungguan jalma nu rék ngajual harta bandana, beulian kabéh. Teu mangkuk tilu bulan, imah urang Kidang geus parutul, kosong taya parabotan. Nu baroga mobil, kawas Haji Sarman, mobilna mimiti ditatawarkeun. Disanggut deui ku si Téng Kié. Nu pangheulana burindil nepi ka béak ka imah-imah, Mang Uba. Jeung pamajikanana saban poé paséa rongkah. Antukna, bret pepegatan, sakitu huis geus barijil. Mang Uba kawas jalma nu kurang saeundan. Si Soléh, Adin, jeung Guru Dédi rék néwak Mang Uba pikeun gaganti si Bopéng. Geuwat Soléh jeung Adin indit ka imah Haji Sarman. Haji Sarman nitah ka duaan éta, pikeun mawa Mang Uba keur disaré'atan. Lima taun sabada leungitna si Bopéng ti sasaungan Haji Sarman, lembur Kidang malih warni. Pangeusi aslina korédas. Anu kacatet pangtragisna mah duaan, Mang Uba panggih jeung ajalna lantaran pada malédogan ku Haji Sarman, Soléh, Modin Adin saparakanca, lantaran infona info jongklok, henteu siga si Bopéng. Terus deuih Haji Sarman, kapanggih ku si Téng Kié basa rék nagih hutang, kasampak

geus ngagulawing di kamar mandi jeung pamajikanana, bari dina kaayaan ditaranjang.

Kiwari, ka kota geus teu karasa deui anggang, sabab geus kasaba ku angkot. Toko-toko geus dug-deg, nu pangheulana ngadeg téh toko bogana Pa Gadung jeung si Téng Kié. Malahan Pa Gadung dijadikeun kokolot ayeuna mah, lantaran disarebutna ogé tokoh masarakat nu ngawangun lembur Kidang. Munasabah mun nepi ka iraha baé ogé moal aya nu nyaho, yén si Bopéng téh lain kabur ti poporogkna, tapi dirungkus ku pulisi liwat jandéla jalanna. Kungsi hiji waktu si Bopéng nanyakeun ka pulisi, sabab manéhna bet aya jorojoy rasa sono ka nu saban poé ngarogrog, sarta hayang balik. Jawabanna, si bopéng geus nyieun keresahan masarakat.

5) Carpon "Runtut Raut"

Carpon "Runtut Raut" nyaritakeun salaki pamajikan nu boga lalakon ti balik dina ngurus rumah tangga. Atom, pagawéanana ngajaga warung jeung ngurus budak di imah, sedengkeun Mimin, pamajikanana digawé di pausahaan kosmétik. Dina hiji waktu, Mimin jeung Atom ceuk kasarna mah diusir ku mitohana, lantaran di imahna téh masih kénéh réa ku adi beuteungna. Ku mitohana, dibéré duit keur modal usaha jeung ngontrak imah. Duit teu sabaraha téh dipake ngontrak imah leutik di Cicadas. Budakna téh boha dua, nyaéta Gema jeung Gemi. Mimin beuki dieu, geus mumul ngurus budak-ngurus budak acan. Ngurus warung, masak, ngamandian budak jeung sagala urusan di imah ditékel ku Atom. Basana téh geus teu kaburu bakating ku sumanget pisan kana digawéna. Héran. Tadina mah ku Atom geus teu diidinan gawé, tapi cara némbal Mimin ka Atom téh sok nyapirakeun waé. Harga diri Atom asa geus leungit. Ngan haté teu bisa dibohongan.

Panghasilan Mimin beuki undak. Budak nu katilu ku Mimin dilapurkeun. Mangka kanyahoanana geus tilu bulan. Atom ngajenghok. Ku téga. Mimin malik ambeuk lantaran ku kasieun budakna kalaparan. Atom hayang rumah tangga nu runtut raut jeung Mimin. Mimin kedal jangji moal ngaduakalikeun ngagugurkeun kandungan. Upama hayang "panggih" Atom kudu daék di-KB nyaéta vaséktomi. Ari teu diturut ku Atom, kasawang deuih pibalukareunana.

Dina hiji peuting, sabada duanana campur salaki pamajikan, Mimin nyarita ka Atam yén si Gema jeung Gemi téh bakal adian deui. Atam ngajenghok, apan geus di-KB Atam téh. Témbal Mimin téh meni leuleuy, sabari mamawa Gusti Alloh. Peuting éta, Atam asa karagragan bulan. Mimin anu salila ieu ingkah tina lahuman salaki balik deui sumujud bari mawa sarébu kabagjaan. Di imah nu anyar Mimin ngajuru deui ku budak nu katilu. Dingaran Rizki Galuraning Hirup, lantaran ku budak nu katilu mah rejeki téh karasa ngagolontor, tapi pirang-pirang nyorang galura hirup nu matak ngaruntagkeun rumah tangga.

Rumah tangga runtut raut. Imah kabadag. Budak kaparaban. Komo si bungsu mah meni morontod. Ngan lain waé béda dina rurupeanana, watekna ogé rada béda ti lanceukna nu dua. Calakan jeung wanteran.

6) Carpon “Kapalidkeun ku Impian”

Carpon “Kapalidkeun ku Impian” nyaritakeun salaki pamajikan nu ngaranna Ging jeung Sumi, boga budak hiji nu masih kénéh orok. Pagawéan Sumi nyaéta tukang ngaput, sedengkeun salakina resep kana nulis, henteu boga gaji nu tetep. Dina hiji waktu, Sumi kadatangan sémah, nyaéta Néng Lia. Néng Lia rék ngaput baju keur ka Bali kalawan maké modél baju *sleeveless*. Modél baju nu ngaliglag dadana. Bagéan nu katutup mah ukur ti semet luhureun pinareup, ka handapna teu tepung tuur-tuur acan. Nengah pingping. Matak uruy lalaki caréraman. Sabataé mun keur nonggég atawa aya angina nebak, beuki pogot nénjona. Néng Lia ngasongkeun duit keur ongkos ngaput jeung pesenan hayang diheulakeun. saléosna sémah, Sumi asup ka kamarna bari mawa kaén. Sumi nangtung hareupeun eunteung lomari. Embung éléh, giliran mapantes sorangan, dibaju slipsis témbong dada.

Tatangga-tatangga pada apal ka salakina Sumi, lantaran kahadéanana. Ging, wartawan nu sok bébéla ka jalma-jalma laleutik, kitu kanyaho tatangga-tatangga mah. Ging kawilang jujur. Manéhna teu ngaleuleungit, tina campur gaulna jeung jalma réa téh metik kauntungan nu sipatna lain waé ruhani, tapi matéril deuih. Sanajan mun dipapadékeun kana pepelakan mah kauntungan matéril téh minangka tumpeng sarina. Kamandang tatangga-tatangga téh, béda jeung kamandang pamajikanna ka Ging. Sumi téh ngarasa teu sugema batin. Sumi keukeuh nitah salakina sangkan néangan gawé, ngarah puguh boga gaji. Ging, ogé keukeuh

hayang kalaksana bisa nulis novél. Hayang ngawujud, hayang nepi ka kabaca ku balaréa. Sumi réalistis embung hirup dina impian, nu can puguh. Salakina, ku batur-batur kapianut, panandé sagala katugenah, ku manéhna sorangan karasa lir batu ngajentul ngaheurin usik. Nu ngocor ti salakina lain pangabutuhna. Ukur pikiran-pikiran nu teu matak kaajul.

Tariking lamunan, Sumi poho yén poé éta téh Néng Lia rék datang nyokot kéngkénganana. Tapi nu datang téh kalah Kang omo, salakina Néng Lia, salakina Ceu Nani deuih, nu baheula keur léléngohan Kang Omo jeung Sumi mindeng babarengan. Ngoléséd sotéh sanggeus kanyahoan Kang Omo boga Ceu Nani. Bongan Kang Omo ngaku bujangan. Mun harita balaka mah, boa Sumi gé bakal siga Néng Lia, purun. Nu teu kaharti mah naha manéhna maké daék ka Ging, lalaki kuuleun, tukang ngahayal?

Kang Omo, can robah-robah masih kénéh cunihin, ieu hal dibuktikeun ku cara neutep ka Sumi. Baju nu Néng Lia téh ku Kang Omo dititah dipecakkan ku Sumi da sarua cenah awakna. Sumi asup ka kamarna rék mecakan baju, kituna téh rumegang heula, ngadadak timbul tanaga gaib, manéhna sorangan teu sadareun. Sumi ngarasa Kang Omo ningalikeun Sumi, ku Sumi kaambung sémah geus aya tonggongeanana. Leungeun Kang Omo ngagaramang kana dada nu bulgir, konéng umyang, beresih. Sakujur awak Sumi beuki rosa tingsariak, ngagurinja lalaunan, siga nu rék ngalésotkeun manéh. Baju slipsis tina sutra nu keur dipecakanana nyorosod lalaunan, nepi ka ngalumbukna, teu béda tie lap katincakan. Teu kanyahoan budak geus lilir, keur jongjon ulin sorangan, leungeun jeung sukuna ranggah. Di luar hujan geus turun, matak keueung. Budak nu tadina anteng gé, da tuluy ceurik. Sumi gura-giru ngabunian manéh, cengkat rék nyambat budak. Ngarénjang lain meumeueusan, beungeutna pias lir teu nyawaan ningali jandéla muka.

Peuting-peuting saterusna, Sumi ngarasa teu purun. Réa ngajentukna, ngan waé kapikiran terus-terusan nyéot, kabawa palid ku Kang Omo, ngajugjug impianana. Di kamar salakina keur jongjon ngetik, sarua keur kabawa palid ku impianana. Sumi teu kapangaruhan ku sora mesin ketik. Sorot panonna sarua jeung rohangan kamarna, sarua geus teu hégarna, sarua keur papada nyidem rusiahna.

7) Carpon “Kasus”

Carpon “Kasus” nyaritakeun Rahman, saurang wartawan atawa jurnalis nu keur néangan berita ka lapangan ngeunaan para pengrajin désa X nu kagolong maju usaha produksina sanggeus aya dana IDT (Inprés Désa Tertinggal). Ari goréhél fakta séjén, matak hookeun, matak kagét, tapi leuwih narik nulisna. Pa Muji, pengrajin alat tatanén, teu nyaho yén di éta désa téh meunang bantuan dana. Pa Lurah gé kaétang langka nganjang ka lembur, komo bari jeung méré dana. Nu sok datang téh stafna nagihan PBB. Enya ogé lembur ieu téh jolok, boboraah ka kota Bandung, ka kantor désa ogé jauh, tapi ningali masarakatna nu hampir sakabéh hirup dina usahana sorangan, apan alagréng. Para pengrajin bisa maju kawas ayeuna téh, lantaran ku ayana gotong royong, jeung aya bapa angkat, nyaéta hiji pangusaha swalayan nu gedé katineungna ka pangusaha leutik.

Apal fakta kitu téh, gancang Rahman datang ka désa rék konfirmasi tapi poos, ceuk stafna keur ka kantor kabupatén, euweuh saurang gé staf désa nu daék nyarita perkara dana IDT, cenah wewenang Pa Lurah éta mah. Pasosoré, kepala désa teu balik deui ka kantor. Ku Rahman disusul ka imahna, tapi bedo deui waé, kepala désana cenah mah keur saré, teu bisa diganggu. Isukna, Rahman datang deui ka désa, ceuk stafna kepala désa keur ka kabupatén aya urusan, bari ngasongkeun amplop ka Rahman. Rahman nolak, da eusi amplop téh duit, Rahman embung disogok.

Ti kantor kabupatén sarua, teu meunang katerangan nu bisa ngadukung fakta. Léos ka bagéan nu boga wewenang ngajeujeuhkeun IDT, sarua balem. Kalah ngancam ka Rahman yén Rahman bakal meunang akibatna, terus manéhna ngaluarkeun amplop, ngaluarkeun duit. Ku Rahman ditolak deui waé, jeung kesel geus ngancam sagala. Rahman, ngabéjakeun ka éta pajabat yén tong poho maca berita isukan. Isukna, Rahman hudang kabeurangan, lantaran sapeupeuting badagang. Sapto, bagéan sirkulasi, jol nyarita aya berita alus, yén koran geus diborong ku kantor kabupatén.

8) Carpon “Eunteung Ajaib”

Carpon “Eunteung Ajaib” nyaritakeun tokoh kuring nu geus boga pamajikan jeung budak, hirup di Bandung, sedengkeun kulawargana di Ciwidéy. Unggal

puasa, kuring boga eunteung ajaib. Dina eunteung ajaib katémbong téh lain kuring ayeuna, tapi kuring keur budak, hirup di lembur jeung dulur jeung kolot. Loba faktor nu ngalantarankeun inget waé jaman keur budak, nyaéta pangalaman-pangalaman dina bulan puasa. Anak Ema téh kabéhna aya sapuluh. Lalaki wungkul. Kabéh dareukeut, jeung wanina téh ka indung, tara ka Bapa. Bapa téh guru di hiji sakola dasar, sok tuluy indit deui ka sawah, meuting di saung, da bisi aya nu méngkolkeun cai. Ampir saban poé kituna téh, balik-balik Bapa tengah peuting. Sanajan, ahirna kuring nyaho nu sok saré di saung mah sabenerna Mang Juma.

Keur jagjag, keur dines kénéh, Bapa tara aya di imah. Sanggeus pangsiun Bapa gawéna ngagolér di kamar, loba nu karasa balas loba teuing digawé keur jagjagna. Kuring sok tuluy ngabalieur, leungit simpati. Ka kuring masih kénéh nganggap bolon anu bisa dibobodo. Satamatna sakola, kuring boga milik meunang gawé di pausahaan swasta. Ari adi, ku kabéh deuih, ti salulusna sakola téh lamaranana can aya nu nyanggut hiji gé. Najan kitu, hiji gé euweuh nu épés méér, kabéh tawekal. Nu sakola kénéh tinggal dua deui, si Ikin jeung si Bungsu, milih sakola pasantrén.

Antara Ema jeung Bapa, keur kuring mah keukeuh aya rusiah nu can kabokér, atawa moal kabokér Saumur hirup gé. Sainget kuring, Ema can kungsi ngangluh perkara naon waé gé. Misteri keur kuring mah. Beuki renggangna hubungan kuring jeung kolot katur dulur-dulur beuki karasa sanggeus ampleng-amplengan ka imah tara aya nu nolol saurang-urang acan nu jadi adi, kuring nyaho eusi haténa.

Piisukeun ka lebaran, kuring ngabohongan pamajikan da hayang nyelang ka lembur. Ti Bandung ka lembur, Ciwidéy, bisa didongkang jam-jaman. Datang ka Ciwidéy pabeubeurang. Ema keur ngadonan kuéh di dapur dibaturan ku Bi Juma. Ema surti, kuring teu mawa anak-pamajikan téh da poé lebaran kahijina lebaran jeung mitoha. Kuring ngaléos ka pipir. Kasampak opatan adi keur meuncitan meri. Kuring nangtung ngajengjen, teu ngomong nanaon. Nu opatan nya kitu deui, maranéhna ukur seuri tanda ngabaragéakeun.

9) Carpon “Sangkakala”

Carpon “Sangkakala” nyaritakeun tokoh kuring nu keur ngopi di kafé duaan jeung Fatma (awéwé nu maké jilbab). Kuring jeung Fatma keur ngobrolkeun ngeunaan juru hutbah nu nyarita yén urang geus aya di ahir jaman. Tapi dina éta

obrolan téh bet beuki panjang tur ayana pacogrégan, nepi ka Fatma ngaléos ti éta kafé, siga nu ngahaja hayang ngabéntar kuring. Kateusugema, Fatma, bisi teu nyaho, robah jadi amarah. Di dieu kuring tuluy ngadagoan Fatma.

Ganti abad, teu matak ahéng teu matak istimewa. Sepi tina révolusi. Réformasi ukur kembang-kembangna. Padahal, di hiji kafé, aya jalma ngajublek jadi patung. Nu boga kafé ukur bisa ngayakinkeun, lalaki nu ngajublek jadi patung téh asalna duaan jeung baturna, awéwé dijilbab, tur geus jadi langganan matuhna sanajan teu apal idéntitasna. Saban poé tamu beuki merul. Kafé tambah payu. Bangunan digedéan. Anu asalna ukur bisa nampung dua puluh urang, ayeuna sanggup nampung lima puluh urang. Daganganana leuwih variatif. Hargana rada undak. Nu boga kafé jeung pelayanna geus teu sieun deui ku patung. Malah sok dioconan, boh ku nu jarajan, boh ku pelayan.

Hiji poé, pamaréntah ngirim surat ka nu boga kafé. Dumasar kana instruksi présidén, pikeun ngajaga katartiban, kaamanan, sarta lantaran patung ajaib nagara Indonesia jadi kasohor, patung kudu dipindahkeun ka museum. Éta patung jadi milik nagara lantaran ngandung sajarah jeung kaahéngan. Upacara mindahkeun patung disaksian ku gupernur, ngawakilan présidén. Tapi éta patung téh teu kaangkat. Dibuldoser ogé teu mempan, didinamit teu cécéél teu bocél. Peutingna, rumasa asa dosa, nu boga kafé sakulawarga jeung para pelayan sarujud hareupeun patung, ménta hampura. Ti harita, patung jadi panyembahan. Teu Jawa, teu Sundam teu Batak, kum nepi ka urang bulé jeung nu saripit. Jauh dijugjug, anggang ditéang, nu hayang usahana maju, hayang meunang jodo, hayang jadi pajabat. Robahna pajamanan, panon anteng neutep dua cangkir cikopi. Ngabayangkeun manéh jadi cangkir kopi. Sakitu padeukeut, tapi teu bisa silih kedalkeun jeung silih déngékeun. Ukur purah digalar-gilir dipénta jasa.

10) Carpon “Hag!”

Carpon “Hag!” nyaritakeun lembur kuring nu ayeuna geus béda. Ngajaha kuring balik ka lembur, hayang nyaho béjana nepi parat ka dayeuh, dimuat dina koran-koran. Anéhna, si Kohar jadi kadés téh lain biluk ka urang, tapi kalah biluk ka nu di luhur. Teuing pédah jadi kadés ayeuna mah gedé buruhna. Jaman Emang Sahid mah da asa babakti téh lain bohong, nepi ka tilu kalian ngajabat gé. Budak

Mang Sahid, nu parawan, Néng Alis, hayang digawé di *cottage* gé da teu ditarima, alesanana téh butuh lulusan ti perhotélan. Kajadian kawas kieu nu ngalantarankeun timbulna timburu sosial.

Pasar désa kahuruan dua bulan ka tukang. Kuring keur aya di kota, ngan ngadéngé béja ti koran daérah. Ceuk Mang Sahid, sanggeus nu daragang sauyunan rék ngadegkeun deui jongko tapi dicaram ku aparat, kakara surti, teu mustahil mémang ngahaja diduruk. Nu daragang sina pindah ka pasar di lokasi anyar, teu kira-kira, nyieun pasar di tengah pasawahan. Keuheulna masarakat, di lokasi pasar nu kahuruan téa, diadegkeun ruko serba ada. Bangunan anu sakitu weweg tur paluhur-luhur téh katénjo umaingna ku modal.

Saméméh kuring ninggalkeun lembur, kuring ngahaja obsérvasi heula di lembur, dibaturan ku kapiadi, Néng Alis. Warga keukeuh ménta kajelasan soal pasar heubeul. Urang désa loba nu ditéwak. Kuring datang ka lembur téh sanggeus dikirim faksimili ka kantor. Ayeuna, masalahna geus leuwih pelik. Lain waé pakaitna jeung urusan hukum. Tapi geus nincak kana urusan pulitis. Geus leuwih barabé. Salah-salah dicap kuminis. Anti Pancasila. Kuring ménta bantuan ka babaturan nu digarawé di LSM, di antarana ka si Sapri. Panto aya nu ngetrok. Kuring ngaranjug. Komo deui si Sapri. Ari dibuka, Alis geus ngajanteng, panonna barintit, béja yén Mang Sahid tadi peuting aya nu nyulik.

11) Carpon “Langit Béngras Deui”

Carpon “Langit Béngras Deui” nyaritakeun kateuadilan dumasar kana rupa manusa. Kelompok manusa nu pagawéanana ngajual “diri” sorangan, boh awéwé boh lalaki nu jadi awéwé (banci). Hiji waktu, aya raziaan satpol bari mawa paneunggeul. Éster jeung babaturanana lalumpatan sieun katéwak ku satpol. Ahirna, loba nu katéwak ku satpol téh, kaasup si Éster. Lima puluh tujuh urang nu digiring ku satpol ka bale kota téh. Tina sakitu téh bancina aya tujuh. Saurang-saurang dicalikan ku petugas, sina asup ka rohang pamariksaan madep ka komandan satpol. Nu diheulakeun téh awéwé, golongan banci dipandeurikeun. Awéwé nu boga rupa mah wantér tur percaya diri, diajak ngobrol ku wartawan téh mani pogot ngaladénan, tapi enas-enasna mah sakadar kasempetan néangan lolongkrang sangkan dipangnebuskeun. Éster jeung baturna papada banci nyingkur

mopoék di juru. Timburuna mimiti ngagedur lebah ningali petugas tepak toél jeung nu awéwé.

Éster jeung sobatna, Julia, kitu deui nu séjénna papada banci, bati nyeri basa kanyahoan nu awéwé mah ukur 20 deui, tina kabéhna 50. Ngan golongan maranéhna nu teu ngurangan téh. jejeg tujuh. Ahirna mah, Éster (Édéng) jeung Julia (Junéd) téh angger dibéré hukuman, ku lantaran ngawadul jeung mitnah, tur teu boga keur nebus.

Kawas nu ngarandapan lila di pangberokan, barang nincak jalan rut-ret nénjo bangunan. Bandung mémang kota para bajingan. Éster apruk-aprukan néangan sobatna bari nahan lapar. Manéhna ngalungsar dina trotoar, nyarandé kana garduh listrik. Hudang-hudang kadéngé sora kecrék, tétéla sobatna. Langit katingali deui béngrasna. Impian harirup deui. Nu kapikir pangheulana, hirup kudu leuwih ati-ati.

12) Carpon “Om Héro”

Carpon “Om Héro” nyaritakeun ngeunaan kahirupan wartawan. Hiji waktu, jadwal piket téh kabéhna aya tiluan. Nu duaan, si Nandar jeung si Tigin sina ngider ka lapangan sugan aya kajadian, sedengkeun kuring kagiliran nyukcruk internet ngoréhan berita nasional jeung internasional. Waktu kuring manggih berita internasional, jol muncul dina sakabéh layar komputer nu aya di rédaksi: Om Héro wafat di rumah sakit. Saréréa ngoréjat ngadadak poho kana berita-berita séjénna nu disanghareupan. Mas Fébi, pingpinan umum langsung turun tangan, singhoréng manéhna cenah nu pangheulana meunang iber téh. tuluy gura-giru ka kantor pikeun nurunkeun tulisan panineungan. Om Héro mémang jalma hébat dina urusan jurnalistik. Saenyana méh-méhan kuring ogé kaasup ku Om Héro, tapi ukur dua minggu, lantaran Om Héro kaburu ngejat ngadegkeun koran di saban daérah. Bérés produksi, ti rédaktur nepi ka pingpinan umum arasup deui ka aula rapat. Kuring tiluan balik. Kuring dicalukan ku Fredy ti aula, dititah milu rapat. Kuring ditugaskeun ngaliput upacara pemakaman Om Héro poé isukna. Nu matak rentag, tugas utamana kuring kudu nyieun réportaseu saha ari Om Héro. Paur salah.

Tulisan saha ari Om Héro geus bérés-jeung haté nulisna gé. Heuleut sajam rédaktur pelaksana ngagupayan, nanyakeun ari anak jeung pamajikanana datang atawa henteu, titah diwawancara. Ceuk anakna, Winda. Wartawan leuwih apal ti

batan kulawargana, Winda teu pernah apal saha ari pun bapa téh. Om Héro beurang peuting idek liher di kantor, leuwih nyaah kana profésina batan ka putrana.

Balik ka kantor, kasampak leuwih pakepuk, pabaliut ku jalma. Poto-poto jeung tulisan Om Héro dipajang kawas paméran, barang ditanyakeun cenah rék ngayakeun acara tahlilan salila tujuh poé. Kaasup ngondang pembaca jeung narasumber. Hasil wawancara kuring ngadadak arucutan. Ti harita kuring bisa seuri nyakak bari karasa ni'matna, da tuluy deudeuieun.

13) Carpon “Harénghéng di Cikalang”

Carpon “Harénghéng di Cikalang” nyaritakeun kaayaan di Cikalang nu ‘panas’ lantaran rék usum pamilihan bupati anyar. Utamana, pamajikan bupati nu rék nyalon bupati. Tapi ya sakelompok urang nu teu panuju pamajikan bupati nyalon, lantaran papadana apal yén aya politik dinasti di kabupatén. Sakelompok urang nu ngariung téh aya tujuh, nyaéta Tisna, Mustajab, Gunadi, Mang Engkas, Mang Adil, Mang Tata, jeung Wa Mantri. Disebut Wa Mantri pédah pangsiunan mantra guru. Ari ngaranna mah Rukanda. Wa Mantri boga pangaruh di kalangan guru di Cikalang.

Pamajikan bupati, ngumumkeun yén manéhna nyalon maké pésta sagala, matak keueung lawan. Mun nanya ka warga di tilu kacamatan (Caméwék, Cameubleu, Camepem), teu arapaleun saha waé calon bupati Cikalang, iwal ti Ibu Tina Saléha, istrina bupati nu keur manggung. Ka tujuh urang éta, nyieun stratégi sangkan masarakat teu bisa dibobodo ku politik dinasti. Sagala tarékah dina ‘perang’ gerilya inteléktual nu diideuan ku Gunadi, dilaksanakeun. Aya dua strategi, perang darat jeung perang udara. Perang darat turun langsung ka lapangan, ngajak warga ulah milih dinasti. Carana bisa masang spanduk, nyebarkeun stiker, jsb. Tapi ku perang darat mah moal nguntup. Kulawarga bupati pasti loba amunisina ari perang darat mah. Sedengkeun perang udara, cekel sing pageuh médis sosial, radio, jeung mun bisa mah stasiun televisi.

Cikalang beuki sahéng lain waé di darat, tapi di udara. Perang status mahabu. Geus puguh dina grup *Whatsapp* mah. Saban usik terus digeder ku polémik sosial politik dinasti. Warga Cikalang nu tadina mijah dina médsos ngadadak murengkel. Isukna, Wa Mantri diondang ku Bupati. Gunadi, Tisna, jeung Mustajab geus aya di

pendopo, keur ngariung jeung Bupati katut istrina. Di rohang paranti ngajamu tamu, kasampak aya Wa Mantri. Ti harita, nu sok ngalanto ka aula désa ngan tiluan: Mang Engkas, Mang Tata, jeung Mang Adil. Tiluanana ngarasakeun aya nu béda jeung ahéng, ngeueum kakeueung, tapi tiluanana bingung teu bisa nyarita.

14) Carpon “Lain Lalaki Biasa”

Carpon “Lain Lalaki Biasa” nyaritakeun salaki pamajikan nu ngaranna Kang Jaka jeung Tintin. Kang Jaka lain lalaki nu sok nganyerikeun batur, komo ka pamajikan. Tintin boga lanceuk dua awéwé, nyaéta Ceu Témy jeung Ceu Yati, duanana kasebut gagal boga salaki. Di antara kuring tiluan, sanajan Ceu Yati lanceuk pangkolotna, kageulisan aya di Ceu Yati. Ngan dikersakeun ku Pangéran, Ceu Yati teu boga pangabisa pisan ari lain ngahadé-hadé rupa jeung awak. Ceu Témy pinter usaha, nepi ka sagala boga. Ari kuring (Tintin) boga bakat ngagambar jeung ngalus-ngalus imah, najan imah téh gedé kénéh nu Ceu Témy. Ceu Yati jeung Ceu Témy mindeng ka imah. Ngadon ngobrol. Komo Ceu Yati, najan teu kasebut unggal poé. Pada-pada teu boga kasibukan jeung bongan imah kuring alus interior jeung hayang nempoan lukisan.

Kang Jaka téh taya cawadeunana. Ka pamajikan ngamulyakeun, tara nyapirakeun awéwé. Kang Jaka kaasup anu henteu ngotot néangan duit, tapi henteu ngedul deuih. Ceu Témy jeung Ceu Yati sok sindir sampir. Di dunya moal aya lalaki nu luar biasa, moal aya nu sampurna. Tapi ari dina hate mah, mun seug ras ka nasib batur, Kang Jaka kudu diaku: lain lalaki biasa.

Henteu diuji ku rumah tangga, kuring diuji ku kasakit. Kuring divonis kanker payudara stadium hiji, lantaran tumor nyebarna gancang pisan, langsung kana stadium tilu. Dikémoterapi saminggu dua kali. Papastén ti Pangéran, ahirna kuring kudu ninggalkeun Kang Jaka. Kang Jaka ceurik teu saat-saat. Kang Jaka muyung, meunang sabaraha poé teu ngantor. Kana tilu bulanan Kang Jaka muyung. Terusna mah, Kang Jaka layout jeung Ceu Yati, nepi ka prukna panganténan.

15) Carpon “Répostaseu Iblis”

Carpon “Répostaseu Iblis” nyaritakeun kahirupan jeung paripolah manusa. Manusa, apan manusa diciptakeun leuwih sampurna batan sato jeung jin. Mun

manusa teu bisa mikir, hartina manusa leuwih laip batan sato jeung jin. Anéhna, manusa mah dibéré senang, héhéotan. Suka bungah tingbarakatak. Euyeub kareueus jeung puja-puji. Geura rék teu seuri kumaha, mun caah di Jakarta, jalma-jalma pahibut nyalametkeun manéh, manusa réa ku silih nyalahkeun perkara kiriman caah. Para pajabat studi banding ka mancanagara, euweuh hasilna. Ayeuna para pajabat jeung politikus kalakukanana sarua waé jeung kolonial. Nindes jeung ngabobodo rayat. Maén sandiwara. Iblis, siah!

Déwék keur ngaliput kénéh di Balé Kota. Dibawa ku rombongan wakil rayat jeung pausahaan daérah. Sababaraha pajabat éksékutif milu. Tujuanana studi banding ka Médan, nyeueung cara ngokolakeun pausahaan air minum. Hartina aing kudu jadi iblis. Pan anéh mun dina kumpulan iblis aya manusa. Para iblis moal ridoeun. Studi banding saenyana mah sakeudeung ngan jalan-jalan jeung barang daharna réa. Balik ka imah wareug, muka dompét: merekis, uang saku weuteuh. Matak betah di alam dunya.

Meunang opat bulan Jakarta simpé. Sasalad korona nerekab saalam dunya. Meunang opat bulan jalma leuwih milih numpi, da hirup dikukuntit pati. Opat bulan geus kaliwat. Jalan anu tadina simpé, ayeuna biasa deui. Disebutna *new normal*. Sanajan nyawa ukur sajeungkal deui, kawajiban manusa mah usaha mertahankeun hirup. Béda jeung iblis.